



Viris Powassan

Kisa viris Powassan an ye?

Viris Powassan (POW) se yon jèm ke kèk tik pote nan yo. Li ka lakoz maladi viris Powassan an, ki se yon maladi ra ki rive lè tik ki enfekte yo mòde moun.

Ki kote nou jwenn viris Powassan an?

Pifò ka maladi viris POW yo te rive nan rejyon Nòdès ak Gran Lak nan peyi Etazini.

Kijan viris Powassan an gaye?

Viris POW la li transmèt apati mòde yon tik ki enfekte. Viris POW la pa transmèt dirèkteman de yon moun a yon lòt moun.

Kisa sentòm maladi viris Powassan an ye?

Anpil moun ki vin enfekte avèk viris POW la pa devlope okenn sentòm. Lè sentòm yo rive, yo ka gen ladan yo, lafyè, tèt fè mal, vomisman, feblès, twoub, pèt kowòdinasyon, pwoblèm pou pale ak kriz. Sentòm yo jeneralman koumanse anviwon yon semèn rive yon mwa apre tik la fin mòde moun lan. Viris POW la kapab koz ansefalit (sèvo a ki anfle) ak menenjit (manbràn ki ozalantou sèvo ak kolòn vètebral la ki anfle). Anviwon mwatye nan moun ki siviv yo rete ak sentòm newolojik ki pèmanan, tankou tèt fè mal souvan, pèt miskilè ak pwoblèm memwa epi anviwon 10% ka viris ansefalit yo se ka ki fatal yo ye.

Kijan maladi viris Powassan an trete?

Pa gen medikaman espesyal pou geri oswa trete maladi viris Powassan an. Yon founisè swen sante gendwa preskri ou medikaman pou soulaje sentòm maladi sa a. Ka ki grav yo ap mande entènè lopital.

Èske gen yon vaksen pou viris Powassan an?

Non, pa gen okenn vaksen pou anpeche enfeksyon nan viris Powassan.

Kijan mwen ka anpeche maladi viris Powassan an?

Meyè fason pou anpeche enfeksyon viris Powassan an se anpeche mòsi tik yo ak evite zòn kote li posib pou gen tik ladan yo. An jeneral, ou kapab kenbe kantite tik yo ba nan diminye kouvèti ak lonbraj yo nan tonn gazon an, retire fèy ki tonbe yo ak taye ti touf bwa ak pye bwa yo. Lòt prekosyon pou pran:

- Pote mayo ki gen manch long ak pantalon long epi foure pye pantalon yo nan chosèt ou yo.
- Rad ki gen koulè lejè yo ka pèmèt ou detekte tik yo sou rad ou anvan yo rive atenn po ou.
- Rete nan mitan wout yo lè ou nan zòn ki gen anpil rak bwa.
- Sèvi ak pwodui kont ensèk ke Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman (EPA) (Environmental Protection Agency, EPA) apwouve.
 - Li etikèt yo ak atansyon.
 - Pou ka jwenn pwodui kont ensèk ki konvnan pou ou a, ale sou <http://www2.epa.gov/insect-repellents/find-insect-repellent-right-you>.
- Toujou tcheke tèt ou ak timoun ou yo apre ou te fin pase nan yon zòn ki gen gwo risk pou jwenn nenpòt tik ki te kapab kole sou ou.

Kisa mwen dwe fè si mwen jwenn yon tik sou mwen, sou timoun mwen oswa sou bèt mwen?

Plis tan yon tik fè kole sou yon moun, plis gen chans pou li kapab gaye jèm ki koze maladi a. Se poutèt sa li enpòtan pou retire nenpòt tik la byen rapid nan itilize yon pens ki gen pwent fen:

- Tik la pa dwe kraze oswa tòde, pran li toupre po a epi rale li soti tou dwat ak yon presyon ki estab. Nou pa rekòmande lòt metòd tankou itilize alimèt, vazlin petroleum jelly oswa kewozèn.
- Netwaye po a ki ozalantou kote ki gen mòde a avèk savon ak dlo oswa dezenfektan.
- Make dat ak kote ou gen mòsi a pou sèvi kòm referans alavni.
- Si ou gen gratèl oswa sentòm ki vin devlope, wè ak founisè swen sante ou a.

